Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 22 сентябрь Рузман №38 (7799) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Районалъул чIухIи

## АхIмад ГIусманов-дунялалъул чемпион

Араб анкьалъ Сербиялъул Белград шагьаралда тIобитIана эркенаб гугариялъул рахъалъ дунялалъул чемпионат.




Гьаб кIиабилеб сон букIана нилъер ва Белоруссиялъул гугарухъаби дунялалъул ва Европаялъул чемпионатазде, турниразде ва цогидалги къецазда гIахьаллъизе гьукъун. ТалихIалъ, исана рес щвана нилъер гугарухъабазе дунялалъул чемпионаталда гIахьаллъизе. Амма, абизе бегьула, жакъасеб чемпионат нилъер машгьурал гугарухъабазе битI ккечIо. СШАялъул командаялда цеве вахъунев украинав Виталий Оруджевасухъа 10:9 хIасилгун къун, ГIабасхIажи МухIамадовасе щвана кIиабилеб бакI. Гьединго битI ккечIо олимпиялъул чемпион Заур Угуевасе ва олимпиялъул кIицIул чемпион ГIабдурашид СагIадулаевасе.

Россиялъул командаялъе тIоцебесеб меседил медаль босана 79 кг. цIайиялда цеве вахьарав нилъер ракьцояв Акнадаса



АхIмад ГIусмановас. Сербиялде цIумадисев вачIана лъикIаб формаялда, ва ирградал къезавуна ункъо гугарухъан. Бергьенлъиялъе кинабгIаги хьул течIого, финалалда АхIмадица къезавуна гуржиязул гугарухъан Владимир Гамкрелидзе. Жиндир карьералда жаниб АхIмад ГIусмановасе исанасеб чемпионат букIана тIоцебесеб, амма гьелде цевелалде гьес 2020 соналъ бергьенлъи босана дунялалъул Кубокалда.

-ГIумруялда жаниб гьадинаб божел бачIине букIин лъиданиги лъаларо. Гьеб борчIизе биччазе бегьулароан, дунги бергьине кколаан. Финалалде дун вачIинегIан нилъер командаялъул цониги меседил медаль букIинчIо. Гьелъ дида тIад букIана хасаб жавабчилъи,-ян абуна АхIмадица журналистасулгун букIараб гара-чIвариялда.




Болгариялъул командаялда 70 кг. цIайиялда цеве вахъарав Инхокъвариса Рамазан Рамазановасги ккуна лъабабилеб бакI.

Дунялалъул чемпионаталда цо меседил, цо гIарцул ва цо мазгарул медалалъул Белградалдаса тIадруссана цIумазул улкаялъул бахIарзал.

Баркула нужеда щварал бергьенлъаби ва медалал!

Нужедаса чIухIарал руго цIумадисел!

ГIадамал ва ишал

## БукIина телефоналъул бухьен

Гьаб чамалиго сон ана ЦIумада-гIурухъан эхеде росабалъе телефоналъул бу-



хьен ва телевизоргун радио хIалтIизе вышка лъеялъул суалалда сверухъ лъугIи гьечIеб хабар бицунаго.

Ахир-къадги, исана гьеб хIалтIи чIаголъизе байбихьана. Гьелде ракI базабуна районадминистрациялъул ва эхедемухъалъул росабазул нухмалъулезул ва меценатал-Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдурахIман Камиловасул ва жамгIияв хIаракатчи АхIмад ГъазимухIамадовасул (Шамсулвараевич) жигарчилъиялъ.

Гьев кIиго сахаватчияс щвезаруна МахIачхъалаялдаса ТIадинхокъвари магIарде щвезегIан токалъул мухъ бачине хIубалги анцIила цо километралъул халалъи бугеб кварги.

МагIарде хIубал щвезаризеги, гвендал рахьизеги, цогидаб ишалъеги тIобитIана районалъулго субботник.

ХIубал лъезеги квар цIазеги жигараб хIалтIи гьабулеб буго эхедемухъалъул гIадамаз ва гьезул росдал администрациябазул бутIруз.

Асляб куцалъ гьеб хIалтIуе гIарцулаб кумек гьабуна ункъракьалъул гIадамаз. Гьезул жигарчилъи бихьулеб букIана хIалтIулъ гуребги, хIалтIизе рачIарал гIолохъабазе хинаб квентIех гьабиялъулги. Абизе бегьула гьенир гIолохъаби хIалтIулел рукIанин, кIудияв вукIа гьитIинав вукIа, свак лъачIого, гIадада заман ине течIого.

Киназего мисаллъун хIалтIана хIободеги вахун кварал щула гьаризе кIичIал лъурав Эчеда школалъул учитель, гIумрудул 72 сон барав Нурудин МухIамадрасулов.

Гьениб гьабулебщинаб хIалтIуе нухмалъи гьабулеб буго Агъвали бугеб почалъул отделениялъул нухмалъулев ГьитIвас ГьитIвасовас ва Инхокъвари росдал бетIер ГIабдулнасир Хизриевас.

Бажарараб кумек гьабулеб буго районалъул администрациялъги. Гьезул кумекалдалъун гIатIид гьабун бацIцIад гьабуна ТIадинхокъвариса вышка лъолеб бакIалъул тIогьибе щвезегIан машинадул нух.



ХутIун буго цо дагьалго кIичIалги лъезе, кварги цIазе. Гьелъиеги жигараб хьулалда руго ункъракьалъул гIолохъаби бетIералда гьезул цевехъан ГьитIвасгун.

**Суратазда:** Эчеда школалъул учитель Нурудин МухIамадрасулов ва Сильди росдал администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад МухIамадов.

**ГI. Малачдибиров**

**Искусство ва гIумру**

# Дун налъулав вуго дирго ракьцоязе

ХIамзатил Расулица абун буго художниказда, кигIан гIемераб заман тIад хвезабун сурат бахьаниги, моцIаз - лъагIелаз тIад хIалтIун, тIагIелал гьаруниги, нужер хIалтIиялдаса цо бащадаб сагIат тIад хвезабураб шагIирзабазул хIалтIи чанго нухалда захIматаб бугин. Щай дуца гьедин абулебилан художниказ гьикъидал, гьес велъулаго, жаваб кьун буго:




- Нужер хIалтIабазул таржама гьабизе кколаро - ян.

Унго - унгоги художниказул буго киназдаго бичIчIулареб гIаммаб мацI. Жидерго рекIел хIалалъул гьез гIадамазда бицуна суратаздалъун, жидерго хIалтIудалъун, накъищаздалъун. Ва щивасда живго ватула художникасул асаразулъ. Хасго гьел асаразулъ магIаруллъи богони, хIисаб гьабеха, нилъер рекIелъе бачIунеб рокьул гьуинлъиялъул. ГIагараб магIаруллъиги, зобалазда цурал мугIрулги, мугIрузул гIидраялда тIегьараб берцинлъиги.

Хасго художник - ювелирас нилъее сайигъат гьарун толел хIикматал асарал.

Киналха гьел ругел, щиб бальголъи гьезулъ бахчун бугеб, жидер улкайилан цIумаз ахIун тараб ЦIумада районалдаса художник - ювелир КъурбангIали МухIамадовасул асарал.

Художник-ювелир хIисабалда КъурбангIали МухIамадов лъаларев чи ватиларо Дагъистаналда, Россиялда, къватIисел пачалихъаздаги. Гьев вуго художниказул Союзалъул мухъилав, Россиялъул академиялъул художествоялъул мухъилав, Россиялъулги, Дагъистан Республикаялъул мустахIикьав художник, Россиялъул художниказул Союзалъул председатель. Гьесул хIалтIабазул тIахьал ратула цоги пачалихъазул мацIазда (кьабурал). Дида гьев лъала гIамал лъикIав, ракI бацIцIадав, гIаданлъи бугев инсан хIисабалда. Гьал гIагарал къояз гьесул гIумрудул тIубана 70 сон. Гьесул гургинаб тарихги бугелъул, гьесулгун бухьен гьабуна нижер «ХIакъикъаталъул» хIалтIухъабаз. Баркула КъурбангIалида юбилей.

-КъурбангIали МухIамадович, бокьилаан дуца цодагьабго дурго хIакъалъулъ бицине. Гьал гIагарал къояз дуца гIумрудул 70 сон бана, гьеб гьитIинаб тарих гуро. Кинаб лъалкI нахъе тараб дуца гIумруялда жаниб? Дур пикру бокьилаан лъазе.

-Дун гьавуна ЦIумада районалъул Агъвали росулъ, гIадатияб хъизамалда. Эмен, мунагьал чураяв вукIана дир зурмихъан (чIамалав) Халилов МухIамад ГьигьихЬ росулъа. Эбел йикIана хIалтIул цеехъан (багвалазул) Шагьрудинова ПатIимат. Дида ичIго моцI бараб мехалъ дир эбел эмен ратIалъана. ГьитIинго дун хутIана кIиго росдада гьоркьовцин Гьигьихъ, цинги Лъондода. ЧIараб бакI дир букIана кIудияй эбел ХIабсатида аскIоб, дирго кIудияй ядгун цадахъ. ЦIалана дун лъабго школалда. Дагьаб заманаялъ Гьигьихъ школалда, хадуб Лъондода микьго классалъул школалда. Хуштада росдал гьоркьохъеб школа-интернаталдаги.

Балагьараб мехалъ 70 сон тIубай жаниб рекIелъан бичIчIулеб гьечIо. Кколеб буго жеги гIолохъанго вугилан. Амма матIуялде жаниве валигьилаан бихьулеб буго сонал унел рукIин ва гьез кодове восулев вукIин. Дица гIемер пикру гьабула, вугищ дун талихIав, яги гьечIищан. Гьеб суал диего кьураб мехалъ ккола ракIалде, талихIги кIиго батIияб бугельулхайилан. Цояб хьизан -лъималаздасан, кIиабилеб хIалтIи -хъулухъалъул ва гьудул - гьалмагълъиялдасан. Хъизаналъул рахъалдасан буго дир талихI, Аллагьас кьурал лъималги ругони, гьезулги лъимал ругони, гьеби буго талихI гьечIищ, дирго кьибил тIагIине течIого, дидаса хадурги дирго наслаби нахъе хутIизе рукIин. Хъулухъалъул рахъалдасаги талихI бугилан рикIкIуна дица, щайин абуни, гьеби буго дицаго бищараб дие бокьулеб хъулухъ. Хъулухъ бокьи гурониги, цоги гьадинаб жо буго, дицаго гьабулеб хIалтIул хIасилги бокьулеб буго дие. Гьединаб чи кколев вуго дун. Абуларищха, гIадамасул ургьиб, рекIелъ бугеб жо бальго букIине кколилан. Дир рекIелъ бугеб жо букIуна дирго хIалтIулъ ва дида ккола гьеб, дунго кинав вугевали вихьизави бугилан. Дица гьарулел берцинал хIалтIабаздаса, дунго вихьизеги берцинав гьечIищха дун- (ян махсароги гьабун велъана КъурбангIали. Авторасул ргIаби.)

**-Гьеб дурго гьунаралъе мун цIализейищ цIаларав, ялъуни мунгойищ ругьунлъарав? Кида байбихьараб дуца суратал рахьизе?**

-ЦIалулев заманаялъ Лъондодаса ракьцояв вукIана МухIамад Бадрудинов абун, гьанже гьев вуго Россиялъулги, Европаялъулги, Олимпиялъулги речIчIухьанлъиялъул чемпион. Гьев цIализе лъугьана МахIачхъалаялда М. А. Джамалил цIаралда бугеб художественныяб училищеялде. Гьес бахьараб сурат бихьараб мехалъ дида ракIалде ккана, дица гьесдасаги лъикI бахьилилан, гьеб мехалъ дида тIоцебе бахьана сурат - портрет гIолохъанав Пушкинил, гьелдасан лъана дида сурат бахьизе дир махщел букIин. Гьелдаса нахъе дица байбихьана суратал рахьизе. Гьелъ рагьана дилъ художникасул пагьмуги.

**-Бокьилаан лъазе, кинаб нух дуца нахъа тараб цIар рагIарав художник - ювелирлъун вахьинегIан.**

-Армиялдаса вуссун лъагIел сверарабго, дида ракIалде ккана Дагъистаналъул М.А.Джамалил цIаралда бугеб художествоялъулаб училищеялъул махуда накъищ бахьулеб факультеталде лъугьине. БагIараб дипломалда лъугIизабун гьеб училищегун, 1975-1978 соназ дун гьенивго хIалтIуда хутIана. ЛъикIав, гьунар тIокIав цIалдохьанин абун дир бицине байбихьана кIиабилеб курсалда цIалулев вукIаго, Олег Борисович Чашкинил кверщалида гьоркь дица пахьул конфетал лъолеб суркIа гьабурабго. ЛъикIав устар вахьине ккани, къваригIуна сабру, бигьаяб нух балагьизе вахьине бегьуларо. Дие кутакалда кумек гьабуна кверал сурат бикIулев Апандиев ХIажи-Апандица ва - тIерен кьурараб месед - гIарацалъул куназул хIалтIи гьабулев чияс Чашкин Олегица. Амма дир рекIелав мугIалимлъун дица рикIкIуна цеветIурав художник - суратал рахьулев чи Хаджаев Альберт Захарович.

**- Дургоги ратила гьанже гIемерал ученикал?**

-Вуго дир азаргогIанасев ученик. Гьезул ункъого процентгIанасев чи вуго гьал хIалтIаби гьарулев. Росас лъадуде, лъадуца росасде, яц вацазде мальун, хIалтIулел руго. Чанги шагьаралда данчIвараз абула дуда дун лъаларищан, дун дуда цеве яги цере цIалулел рукIанилан. Дица мальаралдасан жал хIалтIулел ругилан гьез абидал дида ккола дица унго -унгоги нахъе лъалкI толеб бугилан. Дун хIалтIулеб бакIалда тIоцебесеб этажалда буго дир мастерская. Гьенир руго дир рукIарал гIемерисел цIалдохьаби, лъикIа - лъикIал ювелирал. Дица гьезие берцинаб ремонтги гьабуна гьениб. Цо заманаялда гьез абизе батилин ккола, лъикIав чи вукIанин КъурбангIали ян **(махсароги гьабун велъана КъурбангIали).**

**-Киб бичулеб дуца дурго тIагIел?**

- Дица гьабураб тIагIел кибниги бичуларо, тукабаздаги гьеб рельаро. ГIемераб жоги дица гьабуларо. Дица гьарула батIаго авторасул хIалтIаби, эксклюзивиял. Дихьа росун уна, сайгъаталъе кьезе, хIакимзабазе яги гьезул руччабазе сайгъатал гьаризе. ГIадатияв чиясда босизе кIолеб багьаги гьезул букIунаро. ЦIакъго хириял руго. Рес бугев чияс уна гьеб босун. Цо -цо инчIого гIемераб заманги бахьула, цо-цо ахIун бачIуна къваригIун бугилан абун. Дица бичизе гIемераб цебе ккараб жо гьабуларо. ЦIакъго рекIее рахIат бугеб мехалъ гурони дица гьелги гьаруларо. Гьабулеб жо гьабизе ккола рокьигун.

Дир тIагIел ана МухIамадгIали Мух1амадовас Степашинил чIужуялъе, МухIамадсалам вугеб заманаялъ ана Медведевасул ва Кудринил руччабазе. Зурабов абун вукIана Минздраваялъул нухмалъулев, гьесул хъизамалъе ана, ХIасан Алиевичас дир гьалмагъасухъаги босун Матвиенкое сайгъат гьабунин абуна. Дихьаго гьоз гьол росичIониги, дида лъала дол щолеб ва унеб бакIал. Гьединан ана дир хIалтIаби. БатIиял пачалихъаздеги ана гьел гIезегIан, Америкалде, Францияльде, СагIудиязул ГIарабалъе ва цIар ккун рикIкIинчIониги, цоги цогидаб бакIаздеги.

**-Дуда кин ккола, машгьурав суратал рахьулев чи вахьине ккани къваригIунищ гьесие лъай?**

-Байбихьуда лъикIаб буго художествоялъулаб лъай тIалаб гьабизе. Гьелъ киса кибего бер цвезабизе мальула. Амма цоги лъикIаб иш ккола - инсудаса васасухъе, васас жиндирго васасухъе гьунарги махщелги кьуни. ЛъикIаб байбихьи гьечIони, гьеби берцинго бажаруларо.

**- Дуца абулеб бугоха, инсуца васасухъе, васас жиндирго васасухъе ян. Вугищ дур гьунарги пагьмуги кодобе босизе хIадурав вас яги васасул вас?**

- Дир вас МухIамадица босана дир махщел. Досул буго декоративная тарелка «Белые журавли». Васги вуго дир Россиялъул художниказул Союзалъул мухъилав. Гьесул хIалтIаби руго Расул ХIамзатовасул кIигониги тIехьалда, «Зов журавлей» ва «Кавказец родом из Цада».

**-Дуца дурго хIалтIаби цере кин тIезарурал? Кинаб хIалтIудаса хадуб дур махщел машгьурлъараб?**

-Дица дирго хIалтIаби нилъерго Дагъистаналдаги Россиялъулги выставкабазда лъуна. Гьелъул хIасилалда 1991 соналъ дун вищана сахаб дуниялалдего цIар рагIараб Россиялъул художниказул союзалде. «РАКУШКА» абураб дир хIалтIи босана РСФСРалъул худфондалъ. 1990 соналдаса гьелъул бетIергьаби ккола Россиялъул художниказул Союз.

**-Дуца сундалъун гIуцIцIулеб дуего персонаж? Кин гьел рижулел?**

-Дие цIакъ бокьула цIи-цIиял асар гьабулел жал ургьизе. Бищун гIемер дир букIуна филигрань. ГIемераб заман биччала цIияб ургьулеб ишалда тIад. Бищун гIемер гьикъулеб суал буго, кигIан заман дица биччалеб цо хIалтIуе. Дида гьикъизе ккола кигIан замана дица биччалеб бищун борхалъиялде бахараб хIалтIи гьабизе. Цоги, цIияб хIалтIи байбихьизе ккани, рекIее асар гьабулеб батIи батIияб щибниги бихьизе ккола.

**-Жакъа кьоялда жаниб щиб проекталда тIад мун хIалтIулев вугев?**

- ЦIиял гьарурал хIалтIабазул каталог гIуцIцIизе ургьулев вуго. Цойги дица дирго традиционниял меседги тIаде биччарал курхьаби гьаризе байбихьун руго. ХIалтIи гьабичIого вукIиналдаса, щиб гьабунги гьабун лъикIилан абун, хIалтIулев вукIуна. Жеги къватIире рахьичIел хIалтIаби руго. Аби бугельул нилъер, гьабизе бугеб жо къватIибе бахъугейилан. ГьединлЪидал руго дир жеги лъиданиги рихьичIел, къватIире рахьичIел хIалтIаби. Нахъратель бугебгIан заманаль бокьун буго берцинал тIагIалабаца дунги дир творчествоги бокьулел Дагъистаниял рохизаризе. Выставкаби гьарулеб мехалъ, батIи -батIияб гIадамазулгун лъай-хъвалъги бицуна ва рачIуна ботIролъе цIи -цIиял пикрабиги, анищалги.

**-Дуца бищун кIвар сунде кьолеб хIалтIи гьабулаго, ва гьединго щиб толеб кIвар гьечIого?**

-Дица хIалтIулеб заманалда хассаб тIад чIей гьабула гьелъул сипаталде. Дир ихтияр гьечIо гьелда гьоркьоб гьалатI биччазе. ХIалтIи байбихьаралдаса дир кинабго тIадчIей гьеб лъугIизегIан цоги жоялде бусине бегьуларо.

**-Россиялъул ва СНГялъул кина-кинал художниказул хIалтIабигун лъай-хъвай дур ккараб? Кинал художниказул хIалтIабаз дуе асар гьабулеб? Лъил махщел-гьунаралда гIунтIизе дуе бокьилаан?**

-Дида лъала гIемерал гьунар цIикIкIарал художникал. Дир лъикIаб гьудуллъи буго халкъияб махщалил устарзабигун. Халкъияб махщел-гьунаралъул хIалтIабазде кIудияб интерес букIуна халкъалъул. Халкъиял махщалил хIалтIаби руго наслаба цоцахъе кьуралги. ГIемерисеб халкъияб гьунар буго умумуца умумухъе кьун бачIарабги. Ниж киналго рохаралги руго гьединал махщалил хIалтIаби гьанжельизегIан цIунун цоцахъе кьун бачIиналъ, гьелъ нилъер ватIанги цебе тIезабула. Баркала буго гьезие, гьездалъун буго нилъер ватIаналъул тIолго дуниялалда цIар тIобитIараб. Цоги дица гIемерисел махщелчагIазулгун кIалъай гьабуна, гьел ккола: Базарган Гимбатов, ХIажи-БахIмуд МухIамадов, Расул, ГIалиханов, МухIамад Джамалудинов, Манаба МухIамадова ГIабдулхаликъ ХIусенов. Жидер мунагьал чураги, гьанже гьел нилъеда цадахъ гьечIо, амма гьезул гьунар тIокIал махщалил хIалтIаби хутIана нилъее. Художникал хIисабалдаги гIадамал хIисабалдаги гьел нилъее хутIана хвел гьечIелльун. Дун гIемер дунял сверун, гIемерал музеязде щвана. Нилъерго гьанир гурел, къватIисеб хIукуматаздаги, ратана дида нилъер гьунарал махщелчагIазул гIасрабаз цIунарал хIалтIаби. Гьел рихьарав дун цIакъ чIухана нилъерго халкъалдаса, ва вохана дица битIараб нух тIаса бищун букIиналдаса.

**-КъурбангIали МухIамадович, сурат бахьи гуребги, цоги дуе гьабизе бокьулеб жо щиб бугеб? Дурго хIалтIул рахьалдасан, дуда ракIалда чIараб жо щиб кколеб? Мун киса кивего батIиял пачалихъазде гIунтIун щолевги вуго, бокьилаан лъазе, киса босулеб дуца гьельие кинальего гьира - шавкъ?**

-Дица гьаниб бицина, бищун дида ракIалда чIараб комплименталъул. Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Миллияб библиотекалда букIана «ГанчIил гIумро» абураб выставка. Дица малахитал ганчIал ричулей гIаданалде, диего къваригIараб малахит балагьизегIан, меседги тIаде биччараб «ГIандисей» - абун цIар кьураб курхьин кьуна гьельухье балагье ян абун. Гьеб букIана дир 2003 соналъ гьабураб хIалтIи. Дица балагьулеб букIана жиндирго суратги жаниб бугеб гургинаб, курхьиналда жаниб лъезе рекъараб малахит. Гьел гIаданалъ цIоробералги лъун цIакъ мухIканго гьоркье - тIаде ялагьулаго абуна «Дун щвана гIемерал музейзде, йикIана выставкабазда, рихьана батIи-батIиял устарзабазул хIалтIаби, амма гьадинаб, гIемераб рокьи жиндилъ бугеб хIалтIи тIоцебе кколеб буго кодоб» - ян. Дида ракIалде ккана, гьай гIаданалда гьалъул бичIчIин бихьулищан. Нилъее нилъерго хIалтIи бокьизе ккола, гьеб мехалда машгьурлъиги бачIуна. Гьира-шавкъ дица босула сверухъ бугеб гIумроялдаса, дие щибниги гIадамасул жо гIадабги гьечIо.

Цоги ккана дир гIумруялда жаниб кIочонареб лъугьабахьин. Мунагьал чураяв дирго гьалмагъасухъе, дол рукIана 2000 сонал, гьоболлъухъе арав мехалъ, досда цадахъ рестораналда гIодор чIун ругеб мехалъ, гьенив ватарав Вицепремьерлъун Ленинградалъулищ областалъулиш дов вукIаравали ракIалда гьечIо, Василий Мороз абурав чи. Дир гьудуласул цадахъ букIана планшет, гьенисан гьес рихьизаруна Морозида дир хIалтIаби. Дос абуна цинги дида-«бегьулищ дица дур кверазда убач гьабизе» - ян. Дицаги абуна гьесда, нижер гьединаб жо букIунарин, жинца гьарулеб бугилан абун, гьабуна гьес дир квералда убач. Цинги дир гьудуласде абуна Морозица, дуца дун чанги чигун, бандиталгун, хъулухъалда ругел ва къваригIел гьечIевщинавгун лъай -хъвай гьабунилан. Амма, дир гIумруялда жаниб жакъа дуца унго-унгояв чиясулгун лъай хъвай гьабунилан жиндир. Гьав чиясул цевехун ин дуда бараб бугилан. Дуца Питералдаги гьабизе кколила

Искусство ва гIумру

## Дун налъулав вуго дирго ракьцоязе

2

гьасул экономический форумалда выставка, Европаялда Манакоялдаги, гьав дуда аскIов вугев чи гьелъие мустахIикъав чи вугилан. Гьединаб жо гьабизе ракIалда букIана гьеседа риидал, гьевги къадаралде ккана, гьебги гьабичIого хутIана. Гьениб дир анищги лъугIана. Дир гIумруялда жаниб, дица гьабулеб хIалтIи бещулел рукIани гурони, тIадги чIун дир хIалтIиги дунги цеве инавилин абулев чи дида данде ккечIо. Дов мунагьал чураяв, дирго росулъа, бизнесмен ГъазиявДибир абулев чи, къадаралде ккана доб мехалъ. Гьев чIаго вукIаравани, дун цевехун унаан.

**-Дур букIанищ жеги пикру, гьаб хIалтIиги дида чIалгIана, телин дица гьабин абураб?**

-Гьеб пикру жеги дир ботIролъе бачIинчIо. Жакъа радал, къватIиве вахъиналдеги, кIиго сагIаталъги хIалтIун вахьана дун хIалтIуде ине. Гьол выставкабиги гьаризе кколелъул, сундениги ургьизе заманги букIунаро. ХIалтIи бокьулев чиясул ботIролъе гьединаб пикру бачIунаро. Художник - ювелирасул нух буго халатаб, цодагьаб канлъи дагьлъун гурони, тIокIаб кварильи гьечIо. Рокьов чIезейилан абураб жо ракIалдегIаги кколаро. Гьаризе, жеги байбихьарал хIалтIаби гIемерал руго.

**-Эркенаб заман букIунищ дур, ва щиб дуца гьабулеб гьединаб заманалда?**

-Эркенаб заманалда дие бокьула лъималазул лъималгун васандизе, гьездасан дида бичIула ва лъала рекIелхвей букIине бегьулареблъиги, хехго гьеб кIоченеги, бокьула гьелгун цадахъ ах-хуралда хIалтIаби гьаризеги, гьезухъ гIин тIамун вукIинеги.

**-Гьанже гIолеб гIелалде кинаб бербалагьи букIунеб дур? Кин ккола дуда, гьезда кIолищ хIехьезе гьаб замана.**

-ГIолеб гIелалъ цIунизе ккола нилъер культура. ГьитIинав гIенеккизе ккола кIудиясухъ, хIалтIухьан гIенеккизе ккола нухмалъулесухъ, гьединаб гIадлуялда хIалтIула масала, Китай. Гьединлъидал гьезул хIалтIул хIасилалги цIикIкIарал ва церетIурал руго. Гьеб кинабго букIуна цIали-лъай тIалаб гьабуни. Бигьаяб нух балагьизе роргизе бегьуларо. Цебе лъезе ккола нилъеца, тIубан гурони бегьулареб масъала. Эбел-энсухъ гIенеккизе ккола.

**-Мун сунданиги хьул гьечIев чийищ, ялъуни вохун, лъикIаб букIиниселда божулев чийищ? (оптимист яги пессимист?)**

- ГIуцIцIулев чи вукIине бегьиларо хьул гьечIевлъун (пессимистлъун), дун вуго букIинеселдеги божулев, сверухъ бугелдаса вохизеги лъалев чи, гIурусалъ абуни -оптимист.

**-Ахираб заманалда Дагъистаниял гочунел руго гIодоблъиялде яги къватIисел хIукуматазде. Нилъеца рехун толеб буго нилъерго гъасито, щиб дуца абулеб гьелда ?**

-Рес букIаго цIунизе ккола нилъерго гIадаталги, гьелдаго цадахъ умумузул гъасито-рукъги. Риидал хьизан-лъималгун цадахъ цIорораб иццул лъим гьекьезе, бацIцIадаб гьаваги цIцIузе ине ккола мугIрузде, умумузул ракьалде, басриял ратани, жидерго умумузул минаби къачIан цIигьаризе. Дида ккола гIемерисез рахъ ккевелин гьединаб хIукмуялъул.

**- ГIагараб районалъулгун кинаб бухьен бугеб дур? КигIан гIемер мун щолев магIарухье? Гьенир гьарулел байрамазде ахIулищ мун?**

- ЩIумада районалъ дун кIодо гьавула. Исана гьез дунги Бадрудинов МухIамадги ахIана дица микьго класс лъугIараб Лъондода росдал школалде. Гьениб гьез нижее лъикIаб дандчIвай гьабуна. Гьенир цIалдохьабигун, студенталгун лъикIаб хабар бицана. Гьенир нижго цIалулеб заманги ракIалде щвана. Цере рукIарал мугIалимзабигунги дандчIвана. Гьениб нижее гьабураб хIурматалдаса ниж рохана ва баркала буго гьезие. Районалде дун щола гIемер. Гьенивe щун, ракьцоялгун кIалъазе рес щвеялъ дир рекIее кIудияб асар гьабула. Умумузул гIадатги цIунун, жив-жив чияс хIаракат бахъула гьоболлъухье ахIизе. Дун гьаб борхалъуде художник хIисабалда вахиналъеги, дун тIадав вуго дирго ракьцоязе. Кинабниги сверухълъиялде рокьи байбихьизе ккола нилъерго гIагараб ракьалдасан, росдадасан, районалдасан. Дун гIемер ургьула гIагараб ракьалъе пайдаявлъун вукIиналда тIад. Рохелги кварильиги дица хIаракат бахъула дирго ракьцоязулгун загьир гьабизе.

**- Дур гьаб гIагараб заманалда выставка бугилан рагIана цIияв хIалтIабазул…**

- Зумрут Запировалъулгун кьотIи буго 29 абилеб сентябралъ сагIат лъабгоялда выставка гIуцIцIизе, Дахадаевасул ва Буйнахъскиясул къватIалъул букIнилъ бугеб «Дагаул» абулеб музеялда. Гьениб букIине буго долдаса нахъе дица гьаруралщинал цIиял хIалтIаби. Бокьилаан гьенире рачIине нужер газеталъул журналисталги. Выставкалде рачIараб мехалъ бихьила нужеда гьенир кинало дир хIалтIаби.

Баркала, КъурмангIали, гара- чIварияльухъ ва баркула дуда дур гIумрудул 70 сон тIобай. Дуе гьарула щулияб сахлъи ва хIалтIулъ кIудиял бергьенлъаби.

**Рукъият ГIалисултанова**

ГIадамал ва гIумру

## КIиябго Хушет росу данделъараб мажлис

Дагъаб цебе Хушет росдал жамагIаталь цIам - чедгун, миллиял кванил тIагIамалгун къабул гьаруна нух лъугьиналъул багIараб чIоло кьотIизе рачIарал гьалбал халкъияб собраниялъул депутат Камилов ГIабдурахIман, районалъул бетIер Шамил ГIумаров, Дагъистаналъул транспорталъулгун нухазул магIишатазул министр Жамбулат Салалов, дагъавтодоралъул нухмалъулев Рустам Закариев ва цогидалги гьалбал. РукIана баркиялъул ва баркалаялъулал кIалъаял. Гьелъул хIакъалъулъ нижеца хьван букIана 1 сентябралъ къватIибе араб газеталда.

Гьелдалъун хушетисезул нух рагьиялъул байрам лъугIинчIо. Пикру гьабе кинан рагIудалъун загьир гьабулеб лъабкъоабилел соназдаса хадуб жакъа кьоялде щвезегIан ратIатIун букIараб цо росдал халкъ жакъа умумузул росулъ данде чIвай, ратулищ, гIолищ гьелъие рагIаби? Жидерго рохел загьир гьабураб данделъи тIобитIана гьал арал гIодоркьояз, 16- 17 сентябралда Хушет росулъ. Гьенир рачIун рукIана районалъул росабалъги, рехесаги, росуцоялги, гIалимзабиги, мадугьалихъ ругел районалдаса вакилзаби.

КIиазарго чиясе хьулухъ гьабизе хIадурлъигун дандчIвана хушетисез гьалбал. Бигьаяб иш гуро погранзаставалдаса пачалихъалъул гIорхьода бугеб росулъе ине. АзаргогIанасаев чиясе хасал документалги гьарун, Хушет росдал администрациялъ къабул гьаруна гьалбал. Гьеб кьоялъ Хушетиве вачIана анлънусгоялдасаги цIикIкIун гьобол.

ТIоцебесеб кьоялъ гIалимзабаз тIобитIана кIудияб мажлис, гьаруна вагIза- насихIатал,



цIалана кьуръаналъул аятал ва мавлидал. КIиабилеб кьо байбихьана спортивиял тадбираздаса. ГIолохьабазул гучаб ахIи-хIуралда ана торгIо хIаялъул ва канат цIаялъул кьецал. ТIоргIо хIаялъул кьецазда гIахьаллъана анкьго команда: Хушетисезул кIиго, ТIадхъварщини, Гъоркьхъварщинисезул кIиго, ТIадгъаквари ва ЦIунтIа.

ТоргIо хIан тIоцебесеб бакI ккуна Хушетисезул тIоцебесеб командаялъ, кIиабилеб бакI щвана ТIадгъакварисезе, лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана ТIадхъварщини росдал команда. Канат цIаялъул кьецазда гIахьаллъана к1иго Хущет, цо-цо ТIадгъаквари ва ТIадхъварщини росабазул камандаби. Гьел кьецазулъ тIоцебесеб бакI ккуна ТIадгъакварисезул командаялъ, ТIадхъварщини командаялъ ккуна кIиабилеб бакI, лъабабилеб ва ункъабилеб бакIал ккуна Хущетисезул тIоцебесеб ва кIиабилеб командабаз.

Мурад тIубана, росулъе нухги щвана, кьецалги тIоритIана, маввлидги бачана, гIалимзабазул вагIза - насихIаталдаги гIенеккана.



РекIее лъикIаб асарги кьуна, кIудиязулги гьитIиназулги берзулъ ахиркъадги рохел кенчIана. Кидаго свинареб батаги гьеб рохел, гьобол вокьиги, магIарулльиги. Къарал лъугьинчIо. Гьеб сверухъ бугеб тIабигIаталъул берцинлъиги, гьитIинал - кIудиязул рохелги бихьидал цоги жо щибизеян ккана ракIалда. Хушет росдал жамагIаталда жеги тIад руссун баркула гьеб рохалилаб байрам, гьеб **жиндир 96 км. анкьго сонил** халалъи бугеб нух батаги бараката́блъун, гIелмиябгун лъаялъул, магIишатияб, спортивияб рахъалъ росуги халкъги цебе тIезе сабаблъун ккараб. ГIалимзабазул дугIа - алхIамги къабуллъаги нужое, доб лъидаго бицунареб мурадги тIубайги нужер. Лъан букIа, нух халалъарабгIан, мацI халалъулин абураб халкъияб биценги.

**ТIайпур Юсупов**

## Прокуратура разъясняет

# Проверка состояния законности

По поручению прокуратуры Республики Дагестан прокуратурой района проводится проверка состояния законности при учете, регистрации и разрешении сообщений о преступлениях, совершенных с использованием информационно-телекоммуникационных технологий (далее-ИКТ).

В связи с этим, для проверки обоснованности и достовереност учета преступлений в сфере ИКТ, а также выявления фактов нерегистрации сообщений о таких преступлениях, разъясняю жителям района о праве обращения с жалобами в органы прокуратуры на действия (бездействие) должностных лиц правоохранительных органов, отказавших в принятии соответствующего заявления о неправомерном списании денежных средств со счетов.

**Д. Джабраилов,** прокурор района, советник юстиции

## Конкурс

# Отбор кандидатур на должность главы сельского поселения

Решением Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет «Гадиринский» от 19.09.2023 г. №1 на 25 октября 2023 года объявлен конкурс по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет «Гадиринский».

Приём документов от граждан, желающих принять участие в конкурсе будет осуществляться в срок до 13 октября 2023 г. с момента опубликования настоящего объявления в газете «Голос Цумады» в администрации сельского поселения «сельсовет «Гадиринский» в рабочие дни с 9-00 до 12-00 и с 13-00 до 17-00 часов.

Для участия в конкурсе кандидат представляет лично следующие документы:

1. личное заявление на участие в конкурсе;
2. собственноручно заполненную и подписанную анкету с приложением фотографий 4 х 5 - 3 шт;
3. паспорт или заменяющий его документ;
4. документы, подтверждающие профессиональное образование, стаж работы и квалификацию (при наличии):
- документ о профессиональном образовании;
- трудовая книжка или иной документ, подтверждающий трудовую (служебную) деятельность гражданина;

5.сведения о доходах полученных кандидатом, его супругой (супругом), несовершеннолетними детьми, принадлежащем им имуществе, вкладах в банках, ценных бумагах.

6. согласие на обработку персональных данных

Также подаются копии всех документов, указанных в подпунктах 3 и 4.

В качестве конкурсного задания кандидат представляет разработанную им Программу действий, направленную на улучшение социально-экономической ситуации в сельском поселении.

Программа обязательно должна содержать:
-оценку текущего социально-экономического состояния сельского поселения;
-описание основных социально-экономических проблем сельского поселения;
-комплекс предлагаемых кандидатом мер, направленных на улучшение социально-экономического положения и решение основных проблем сельсовета.

Программа подписывается кандидатом и представляется в комиссию в день проведения конкурса.

Иные условия и порядок проведения конкурса, формы необходимых для участия в конкурсе документов утверждены решением Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет «Гадиринский» от 10.07.2015 г. №8 «Об утверждении Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения».

Дополнительную информацию можно получить в отделе правовой политики информационных технологии администрации муниципального района «Цумадинский район».

**И о. главы сельского поселения С. Гаджиев**

## Лъугьа-бахъин

# «Цигун данделъи»

Хъваршиса ШихсагIидов Гъазияв радал сагIат анкьго тIубараб мехалъ вахъун вуго рохьил пицI бакIаризе хивалгун чанаве. Вали гъоркь арав КIалахъ щведал гъасда данде ккун буго ци.

-Цо чанго галиялъ цебе, нахъиял хIатIазда бахъунги чIун, бугохадила, вац, гъугъудилаго, гьаркьахун данде бачIула ци. Щибилеб, тIоцебесеб пикру ккана лъутилин, цIакьго кьварун гьеб бачIиндал, дирги щин бахъана, кодоб букIараб «мелкашка» кIалдиб речIилин пикруги ккун, дица гьеб данде битIидал, гьелъ бич1чIараб гIадин, бетIерги кьулун кIал бахчана, амма тIаде бачIунеб чIечIо, манзил гьитIинаб букIиналъ тIокIаб сабаб батичIого кIиялго хурхана,-янги абун Гъазияв велъанхъана.

Хадуб щиб ккарабин гьикъидал, бицунеб буго:

- Лъаларо, дун лъавуде вачIиналде ци лъутун батана, видимо, ниж кIиялго рортун руго лъабго метралъул борхатаб кьурулъа гъоркье, дун тIад, доб гъоркь ккун ратила, дие гьеб свидание цIакъ хира чIана, 17-18 къоялъ больницаялда ккана ругънал сах гьаризе,- абун гьанжеги велъана Гъазияв.

Гьаб сагIатги Гъазиевасул черхалда доб данделъиялъул лъакIал хутIун руго. Долъул хIал лъаларо, амма дун херлъун вуго абун махсаро гьабулеб буго. Доб заманаялда Гъазияв вукIун вуго 35 сонилъ вахарав гIолохъанчи. Кьоял тIагIинчIого рукIун гьечIо. РакIалде ккола гьелъул малъал черхалда къаларедухъ тIад саламатаб ретIел букIиналъ жив чIаго хутIанин. Гурони, дун цевего кIоченаан.

-АлхIамдулиллагь дун лъикI ворчIана, тIокIаб гьоркьчIей гьабичIелъул, добги бохун батиларо доб данделъиялдаса,- абун велъанхъана.

Рец Аллагьасе буго гьеб «данделъи» лъикIаб нотаялда лъугьиндал.

Баркала, Гъазияв, гьеб лъугьа-бахъин бициналъухъги, гьеб хъвазе разилъиялъухъги.

ХIурматиял газета цIалулел, гьединал ва цогидал лъугьа-бахъиназ нужеда лъалел ратани, бокьилаан редакциялде ритIизе.

**ТIайпур Юсупов**

## Эркенаб гугари

# Россиялъул первенство

14 -18 сентябралда Наро-Фоминскалда (Московскаялъул область) тIоритIана 24 сониде щвегIан гIумру бугел гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ Россиялъул первенство.

Гьел къецал ккола октябралъул ахиралда Албаниялъул Тирана шагьаралда тIоритIизесел дунялалъул къецазде команда гIуцIи.

Первенствоялъул гIаммаб хIисаб гьабун тIоцебесеб бакI ккуна Дагъистаналъул гугарухъабаз. Гьезда гьоркьор рук1ана нилъер районалъул гугарухъабиги.

61 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакI ккуна Метрадаса Башир МухIамадовас.

КIиабилеб бакI ккуна 92 кг. цIайиялда МустафахIажи Малачдибировас (Гьигьалъ) ва 97 кг. цIайиялда ХIажимурад Къадиловас (Гьигьалъ).

Лъабабилеб бакI ккуна 70 кг. цIайиялда Эчедаса ХIабиб Заурбековас ва 125 кг. цIайиялда Гьимерсоса ХIамзат ГIалижудиновас. Гьеб ккола нилъер гIолохъабазул лъикIаб хIасил, ва гьель бихьизабулеб буго гугарухъабазул рахъалъ нилъер жеги лъикIаб гуч букIин.

РакI-ракIалъ баркула гьезда ва гьезул тренеразда щварал бергьенлъаби, гьарула хадубккунги лъикIал хIасилал.

**ТIалхIат ГIабдулбасиров**

# Цумадинская футбольная лига-2023

## Турнирная таблица

| № | Команда | И | В | Н | П | Г | РГ | О |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | * Тинди | 12 | 12 | 0 | 0 | 72-23 | 49 | 36 |
| 2 | Агвали | 12 | 9 | 1 | 2 | 58-40 | 18 | 28 |
| 3 | Гигатли-Урух | 12 | 9 | 0 | 3 | 66-33 | 33 | 27 |
| 4 | Гачитли | 12 | 8 | 2 | 2 | 57-33 | 24 | 26 |
| 5 | Хуштада-Урух | 12 | 7 | 3 | 2 | 55-32 | 23 | 24 |
| 6 | Кеди | 12 | 6 | 2 | 4 | 54-47 | 7 | 20 |
| 7 | Кочали | 12 | 6 | 1 | 5 | 55-47 | 8 | 19 |
| 8 | Гадири | 12 | 5 | 1 | 6 | 54-50 | 4 | 16 |
| 9 | Тисси | 12 | 5 | 0 | 7 | 44-41 | 3 | 15 |
| 10 | Маштихи (Агвали) | 12 | 3 | 2 | 7 | 45-63 | -18 | 11 |
| 11 | Хуштада | 12 | 2 | 2 | 8 | 30-49 | -19 | 8 |
| 12 | Ричаганих | 12 | 1 | 2 | 9 | 35-73 | -38 | 5 |
| 13 | Ветераны (Агвали) | 12 | 1 | 1 | 10 | 35-105 | -70 | 4 |
| 14 | Нижнее Гаквари | 12 | 1 | 1 | 10 | 30-54 | -24 | 4 |

## Результаты 12 тура (16 сентября)

| | | |
|---|---|---|
| Тисси | 9 : 2 | Ветераны (Агвали) |
| Гигатли-Урух | 3 : 0 | Ричаганих |
| Нижнее Гаквари | 0 : 3 | Тинди |
| Хуштада | 0 : 3 | Маштихи (Агвали) |
| Гадири | 6 : 7 | Кочали |
| Кеди | 4 : 3 | Хуштада-Урух |
| Гачитли | 2 : 2 | Агвали |

## Расписание матчей 13 тура (23 сентября)

| | | |
|---|---|---|
| Ричаганих | 12:00 | Ветераны (Агвали) |
| Тисси | 13:00 | Хуштада |
| Маштихи (Агвали) | 14:00 | Хуштада-Урух |
| Нижнее Гаквари | 15:00 | Агвали |
| Гадири | 16:00 | Тинди |
| Кеди | 17:00 | Гачитли |
| Гигатли-Урух | 18:00 | Кочали |

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Жавабияй секретарь

2-52-92

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, 1 «А»

Тираж - 1295
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул балъголъи
гьорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maiI.ru